

Mizajou sou Amelyorasyon Sekirite Piblik ak Polis Kominotè

21 septanm 2023

Chè Kominote ki sou Kanpis la,

Youn nan kat (4) prensip fondamantal nan plan estratejik inivèsite nou an se "envesti nan moun ak kominote." Nou te fè yon gwo avanse nan angajman sa a lè **Prezidan Pines te anonse plan pou aplike yon seri rekòmandasyon** Gwoup Travay sou Sekirite Piblik ak Polis Kominotè a te pwopoze.

Rekòmandasyon sa yo fèt pou gide kanpis nou an nan fè patenarya pou plis kolaborasyon epi ki plis fyab ant ofisyèl sekirite piblik yo ak kominote inivèsite a.

Antanke ko-prezidan Konsèy Sekirite Kanpis la (Campus Safety Advisory Council, CSAC), ki te kreye atravè efò sa a, nou kontan pataje pwogrè ki fèt depi **dènye mizajou nou an nan mwa janvye**.

Nan 21 rekòmandasyon gwoup travay yo, gen 11 kounye a ki fini oswa ki gen yon angajman soutni, san wete sis (6) rekòmandasyon ki te fini oswa ki te resevwa yon angajman soutni depi mwa janvye. Gen 10 lòt rekòmandasyon ki ankou. Men kèk egzanp:

- UMD ap anboche yon ekip klinisyen sante mantal entèn ki pral reponn ak ijans sante mantal ansanm ak sèvis sekouris. Yo pral rele ekip la Ekip Evalyasyon ak Repons pou Ijans Sante Mantal (Mental Health Emergency Assessment and Response Team, MHEART).
- Depatman Sekirite Piblik (Department of Public Safety, DPS) ak Divizyon Afè Elèv kontinye travay an kolaborasyon sere pou reponn ak bezwen elèv yo epi yo te chita sou yon Pwotokòl Akò ansanm sou kesyon an.
- Avèk opinyon Konsèy Konsiltatif pou Sekirite Kanpis la, DPS revize deklarasyon misyon li pou l pi byen aliyen li ak misyon inivèsite a.

- Pou ranfòse kominikasyon ak konesans avèk kominote ki sou kanpis la, DPS te lanse yon akademi polis sitwayen san kredi semès sa a, epi yo planifye yon nouvo klas pou kredi pou Prentan 2024.

Nou ankouraje w fè yon koute je nan [**online dashboard**](#) pou jwenn detay sou chak nan sa ki anwo yo ak estati aplikasyon tout 21 rekòmandasyon gwoup travay la.

Avansman ki fèt jiskaprezan yo te jwenn sipò solid ak angajman soutni Prezidan Pines, Divizyon Afè Elèv, Depatman Sekirite Piblik, CSAC, ak lòt konsène nan kanpis la. Nou espere pwogrè yo kontinye pi devan.

Sensèman,



Carlo Colella

Vis Prezidan ak Direktè Administratif

Li (Gason)



Georgina Dodge, PhD

Vis Prezidan Divèsite ak Enklizyon

Li (Fanm)